

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh kagolong kana panalungtikan kualitatif. Ari panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngadéskripsiyeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, aktivitas sosial, sikap, kapercayaan, persépsi, pamikiran hiji jalma sacara individual atawa kelompok (Sugiyono, 2012, kaca. 60).

Nurutkeun Moloeng (2011, kc. 6) panalungtikan kualitatif miboga maksud pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon-naon anu kaalaman ku panalungtik (subyék penelitian), misalnya ngeunaan paripolah, persépsi, motivasi, jsb., sacara holistik tur ngaliwatan cara déskripsi dina wngun kekecapan jeung basa ngaliwatan kontéks anu husus ogé alamiah ku cara ngamangpaatkeun rupa-rupa métode.

Saluyu jeung pamarekan kualitatif, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngadéskripsiyeun atawa ngagambarkeun fénoména- fénoména nu aya, boh fénoména anu sifatna alamiah boh hasil rékayasa manusa. Ieu métode nyieun atawa nyusun kajian ngeunaan wangun, aktivitas, karakteristik, parobahan, hubungan, sasaruaan, bbédaan jeung fénoména- fénoména lianna. Dina métode déskriptif, data anu dikumpulkeun mangrupa kekecapan jeung gambar, lain mangrupa angka-angka. Sakabéh hal anu dikumpulkeun kamungkinan bisa jadi konci kana naon rupa nu geus ditaliti (Sukmadinata, 2012, kaca. 72).

Pikeun méré gambaran, kumaha derna narjamahkeun pamarekan jeung métode anu geus dipilih, ieu panalungtikan téh kudu ditangtukeun desainna. Nurutkeun Nazir (2011, kaca. 84) desain panalungtikan nyaéta sakumna prosés nu diperlukeun dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ku lantaran kitu, panalungtikan perkara istilah flora jeung fauna dina sisindiran didésain saperti dina bagan ieu di handap:



Bagan 3.1: Desain Panalungtikan

Dumasar kana bagan di luhur, ulikan ngeunaan istilah flora jeung fauna dina Sisindiran Sunda jadi puseur dina ieu panalungtikan. Istilah flora jeung fauna dina sisindiran Sunda dianalisis ngaliwatan ulikan léksikosemantik jeung étnolinguistik. Hal ieu pikeun meunangkeun harti tina istilah flora jeung fauna dumasar kana harti leksikon jeung anu dipatalikeun jeung kasang tukang budayana.

### 3.2 Sumber Data

Sumber data ieu panalungtikan nyaéta buku *Bagbagan Sisindiran* karangan Budi Rahayu Tamasyah anu dipedalkeun ku Yrama Widya citakan kahiji bulan Desember 1997 jeung buku *Sisisndiran jeung Wawangsalan Anyar*

karangan Dédy Windyagiri anu dipedalkeun ku Penerbit PT. Kiblat Utama, Bandung, citakan kahiji bulan Pebruari tahun 2011.

Buku *Bagbagan Sisindiran* karangan Budi Rahayu Tamsyah ieu kandelna 110 kaca. Warna jilid jeung tulisan judul coklat kolot jeung coklat ngora. Lebah handap jilid aya gambar siluet dua urang jalma nu keur ngobrol ogé dipapaesan ku gambar kujang tilu pasang. Dina kaca munggaran dieusian ku pangajap ti nu nyusun buku. Bagian kahiji ngébréhkeun perkara sisindiran di Sunda ti mangsa ka mangsa. Dina bagian kadua pangarang nepikeun kamandangna ngeunaan wangenan jeung papasingan sisindiran nema kana bagian katilu nu eusina tata cara nyieun sisindiran. Sedengkeun conto sisindiran aya dina bagian kaopat, kalmia, jeung kagene.

Dumasar kana conto sisindiran dina ieu buku, kapanggih sababaraha bagian nyaéta (1) 90 rarakitan, (2) 175 paparikan, jeung (3) 205 wawangsalan. Salian ti éta ogé aya conto naskah pintonan sisindiran anu eusina euyeub ku conto.

Buku *Sisisndiranian jeung Wawangsalan Anyar* karangan Dédy Windyagiri kandelna 76 kaca. Warna jilidna bodes sarta latar tulisan ku warna bulao jeung oranye. Di tengahna aya gambar saurang jalma nu maké pakéan wayang sarta mawa gondéwa jeung jamparingna. Ukuran buku 21 x 14,5 cm. Ieu buku dimimitian ku pihatur ti penerbitna, anu satulunya diwewegan ku panganteur ti pangarangna. Bagian kahiji, dina kaca 11, pangarang nepikeun kamandangna ngeunaan sisindiran jeung wawangsalan anyar, diwewegan ogé ku sababaraha tiori ti paraahli lianna ngeunaan sisindiran jeung wawangsalan.

Sisindiran anu dipidangkeun dina ieu buku ngawengku sababaraha bagian, nyaéta (1) 50 sisindiran piwuruk, (2) 50 sisindiran silihasih, (3) 51 sisindiran sésébréd, (4) 1 sisindiran 6 padalisan, (5) 1 sisindiran 8 padalisan, (6) 1 sisindiran 10 padalisan, (7) 1 sisindiran 12 padalisan, (8) 1 sisindiran pupuh kinanti, (9) 1 sisindiran pupuh sinom, (10) 200 wawangsalan, (11) 5 wawangsalan pupuh kinanti, (12) 5 wawangsalan pupuh sinom, (13) 5 wawangsalan pupuh asmarandana, jeung (14) 6 wawangsalan pupuh dangdanggula.

### 3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik studi bibliografis. Dina panalungtikan umumna sok disebut téknik ulikan pustaka (studi pustaka, studi bibliografis). Téknik studi bibliografis bisa dipaké lamun data basa dikumpulkeun tina sumber tinulis saperti koran, majalah, jeung buku (Sudaryat, 2014, kaca. 57). Dina ieu panalungtikan téknik studi bibliografis digunakeun pikeun ngumpulkeun dokumén tinulis nu aya patalina jeung istilah flora jeung fauna anu aya dina sumber data.

Pikeun ngumpulkeun data atawa dokumén tinulis nu aya patalina jeung kalimah dina sisindiran jeung wawangsalan anyar dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Observasi kana sajumlahing buku sisindiran,

Kagiatan ieu dilaksanakeun dina waktu observasi nyaéta nyungsi jeung niténan buku-buku sisindiran.

- 2) Nangtukeun buku anu dijadikeun sumber data.

Buku sisindiran anu dipilih nyaéta *Bagbagan Sisindiran* jeung *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar*.

- 3) Maca jeung nyirian sisindiran anu aya dina buku.

Maca buku sisindiran kalawan gemet, tuluy nyirian kecap-kecap anu patali jeung flora katut fauna dina sisindiran.

- 4) Nyalin istilah tina sisindiran kana kartu data (kartu istilah).

Kecap-kecap anu patali jeung flora katut fauna disalin kana kartu data.

- 5) Ngodeuan kartu data (kartu istilah) dumasar kana judul buku sisindiran, kaca, jeung nomer pada. Misalna SWA/19/2.

### 3.4 Instrumén Pangumpul Data

Nalika ngumpulkeun data instrumén anu digunakeun téh nyaéta kartu data atawa kartu kalimah. Kartu data mangrupa instrumén pangumpul data anu digunakeun pikeun ngawewegan panalungtikan salian ti panalungtikna sorangan. Nasution (dina Sugiyono 2012, kc. 222) nétlakeun yén

*Dalam penelitian kualitatif, tidak ada pilihan lain daripada menjadikan menjadikan manusia sebagai instrumen penelitian utama.*


(kc. 223)

Ku lantaran kitu, nalika ngumpulkeun data, intrumén anu digunakeun téh winangun kartu istilah. Dina kartu istilah aya informasi ngeunaan sababaraha hal, di antarana: (1) data istilah flora jeung fauna dina sisindiran anu disusun sacara alfabetis, (2) kode data, anu ngawengku nomer urut data, jenis data (sisindiran), nomer asal data, kaca ka sabaraha, kalimahna jeung (3) analisis datana (maluruh harti léksikosemantik jeung étnolinguistik).

Instrumen panalungtikan ngagunakeun kartu data, saperti ieu di handap.

No. data	:	
Kode Data	:	
Istilah Sisindiran	:	
Data Sisindiran	:	
Posisi Istilah	:	
Wangun Sisindiran	:	
Eusi Sisindiran	:	
Makna	:	
Léksikosemantik		
Makna Étnolinguistik		

Komposisi pidangan kartu di luhur baris ngawadahan data ti mimiti nomer urut data, kode data, istilah sisindiran, data sisindiran, posisi istilah, wangun sisindiran, eusi sisindiran jeung ma'na léksikosemantik katut étnolinguistik. Sedengkeun keterangan pikeun kodeu datana disusun saperti ieu:



### Conto makéna kartu

No. Data	:	152
Kode Data	:	BS/51/51
Istilah Sisindiran	:	Fauna Hayam
Data Sisindiran	:	Lamun hayam dina korang, meureun hésé usik malik Lamun hég henteu kasorang, meureun paéh gé buncelik.
Posisi Istilah	:	Padalisan kadua
Wangun Sisindiran	:	Rarakitan
Eusi Sisindiran	:	Silih asih
Makna Léksikosemantik	:	Sato ingu sabangsa manuk hirupna sapopoé dina taneuh;
Makna Étnolinguistik	:	<p>Harti Étnolinguistik: Hayam deukeut pisan pakaitna jeung kahirupan urang Sunda:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Kadaharan: Ampir sakabéh urang Sunda resep kana daging hayam. Hayam salian ti ngeunah dagingna ogé murah atawa babari manggihna. Kandungan nutrisi dina hayam ngajadikeun sakabéh jalma raresepeun.</li> <li>b. <i>Peternakan</i> : Hayam jadi salah sahiji ingon-ingon nu aya di unggal imah hususna di pilemburan.</li> <li>c. Ékonomi: Tina kabiasaan ngingu hayam nu asalna keur dahareun lila kalilaan bisa robah tujuanna jadi bisnis boh dagingna boh endogna.</li> <li>d. Kaséhatan: Dumasar kana kandungan nutrisina, daging hayam bisa nyehatkeun jalma nu ngadaharna.</li> <li>e. Karesep/hobi: Teu kurang para bapa loba nu resep ngingu hayam alatan sorana, rupana, atawa kakuatanna dina ngadu. Hal ieu jadi cukang lantaran resep ngingu hayam.</li> <li>f. Budaya: Ampir satiap urang Sunda hajat kawinan, kariaan, ngadekkeun imah, ngubaran nu gering, sukur meunang kabungah pasti sok kacaritakeun mencit atawa nyadiaan daging hayam. Salian ti éta kecap hayam sok remen digunakeun dina babasan atawa paribasa misalana caréham hayameun, peureum hayam, kawas hayam panyambungan, jrrd. Hal ieu nuduhkkeun yén hayam teu bisa leupas atawa jauh tina kahirupan urang Sunda.</li> </ul>

### 3.5 Téknik Analisis Data

Data anu kapanggih dina ieu panalungtikan bakal dianalisis ngagunakeun métode distribusional anu dituturkeun ku téknik analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*). Djajasudarma (2006, kc. 69) nandeskeun yén métode kajian distribusional sajalan jeung panalungtikan déskriptif dina ngawangun prilaku data panalungtikan.

Dina ngolah data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah di handap ieu:

- 1) Niténan deui sisindiran nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan istilah flora jeung fauna dina sisindiran dumasar kana golongan (1) flora dina rarakitan, paparikan, jeung wawangsalan jeung (2) fauna dina rarakitan, paparikan, jeung wawangsalan.
- 3) Nalaah ma'na istilah flora jeung fauna
- 4) Analisis istilah flora jeung fauna dina sisindiran
- 5) Ngadéskripsikeun hasil analisis data istilah flora jeung fauna dina sisindiran;
- 6) Nafsirkeun hasil analisis data; jeung
- 7) Nyusun kacindekan.